दिन–शुक्रवार दिनांक–18.07.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अपन संबोधन में जनौलनि जे यूपीएक दस बरखक शासनकाल मे बिहार के सिर्फ दू लाख करोड़ टाका देल गेल। ओतहि, एनडीएक दस बरख मे बिहार के कतेको गुना बेसी टाका देल गेल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे एहि सँ राज्य मे विकासक काज के आगू बढाबय मे मददि भेटल अछि। प्रधानमंत्री, राजद आओर कांग्रेस पर बिहारक विकासक गति के बाधित करबाक आरोप लगौलनि। श्री मोदी जनौलनि जे एनडीएक शासनकाल मे कतेको कल्याणकारी योजना सँ महिला, युवा आओर किसान सभ के लाभ भऽ रहल छनि। एहि मौका पर श्री मोदी एकसठि हजार सँ बेसी स्वयं सहायता समूह के चारि सय करोड़ टाकाक राशि डीबीटीक माध्य सँ पठौलनि। ओतहि, प्रधानमंत्री ग्रामीण आवास योजना मे बारह हजार सँ बेसी लाभार्थी सभ के नव बनल घरक कुंजी सौंपलनि। संगहि, चालीस हजार सँ बेसी लाभार्थी सभ के डीबीटी द्वारा एक सय साठि करोड़ टाका देलनि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एहि सँ पहिने पूर्वी चंपरण जिलाक मोतिहारी मे सात हजार दू सय करोड़ टाका सँ बेसीक लागतक कतेको विकास परियोजनाक शिलान्यास आओर उद्घाअन कयलनि। ई विकास परियोना रेल, सड़क आओर ग्रामीण विकास, मत्स्य पालन, इलेक्टॉनिक्स आओर सूचना प्रौ़द्योगिकी क्षेत्र सँ जुड़ल अछि। प्रधानमंत्री राजेन्द्रनगर सँ नव दिल्ली, दरभंगा सँ गोमतीनगर–लखनऊ, भागलपुर होइत मादला टाउन सँ गोमतीनगर लखनऊ आओर मोतिहारी सँ आनंदविहार टर्मिनलक बीच चारि नव अमृत भारत ट्रेन के वीडियो कॉन्फ्रेंस द्वारा हरियल झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि। एहि मौका पर राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार, केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह, राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह, चिराग पासवान, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हाक संग–संग कतेको गणमान्य लोकसभ छलाह।

---

निर्वाचन आयोग जनौलक अछि जे बिहार मे विशेष गहन पुनरीक्षण अभियान मे अखन धरि सात करोड़ आठ लाख सँ बेसी गणना प्रपत्र जमा भेल अछि जे कुल मतदाता सभक नबासी दशमलव सात प्रतिशत अछि। पुनरीक्षण अभियान मे आब सात दिन बाकी अछि। राज्य मे मतदाता सूचीक प्रारूप एक अगस्त कऽ प्रकाशित कयल जायत। आयोग जनौलक अछि जे जे लोकसभ अस्थायी रूप सँ राज्य सँ बाहर चलि गेल छथि। ओ सभ सेहो आयोगक वेबसाइट या ईसीआईनेट ऐप पर अपन फॉर्म जमा कऽ सकैत छथि। मतदाता सभ आयोगक वेबसाइट या ईसीआईनेट ऐप पर अपन आवेदन फॉर्मक स्थितिक जनतब सेहो लऽ सकैत छथि।

---

सुप्रीम कोर्ट जमीनक बदला नोकरी घोटाला मामिला मे राजद अध्यक्ष लालू प्रसादक खिलाफ ट्रायल कोर्टक कार्यवाही पर रोक नहि लगौलक अछि। हालांकि अदालत लालू प्रसाद के ट्रायल कोर्टक कार्यवाही मे अयबा सँ छूट दऽ देलक अछि। राजद प्रमुख जमीनक बदला नोकरी घोटाला मामिला मे दिल्ली हाईकोर्टक ओ आदेश के सुप्रीम कोर्ट मे चुनौती देने छलाह, जाहि मे हाईकोर्ट ट्रायल कोर्टक कार्यवाही पर रोक सँ मुकरि गेल छल।

---

केन्द्रीय सामाजिक न्याय आओर अधिकारिता राज्यमंत्री रामदास अठावले बिहारक मखान किसान सभ लेल पाँच नव बहुराज्यीय सहकारिता समिति बनेबाक घोषणा कयलनि अछि। मधुबनीक जिलाक मिथिला हाट मे आयोजित एक कार्यक्रम मे श्री अठावले जनौलनि जे ई समिति के बनला सँ किसान सभ के अपन उपजाक उचित दाम भेटत। ओ जनौलनि जे केन्द्र सरकार मखानक संग–संग मकई, बागवानी, ग्रामीण, ऊर्जा आओर पानि सँ होयवला लाभ के सहकारिता समिति द्वारा किसान सभक बीच पहुँचेबाक योजना बनौलक अछि।

---

प्रदेशक दक्षिणी क्षेत्र आओर झारखंड मे भेल भारी बरखाक बाद गयाजी, जहानाबाद, आओर नालंदा जिला मे फल्गु, जिराइन, बिंद, एकंगरसराय आओर बिहारशरीफ मे कतेको

ठाम तटबान्ह टूटि फूटि गेला सँ कतेको गाम बाढिक चपेट मे अछि। एम्हर, जहानाबादक घोसी मे फल्गु नदीक तटबान्ह टूटि गेला सँ लगऽपासक क्षेत्र मे पानि पसरि गेल अछि।

---

पछिला चौबीस घंटाक बीच शेखपुरा आओर पटना जिला मे किछु ठाम भारी बरखा भेल अछि। ओतहि, प्रदेशक आनो–आन क्षेत्र मे हल्लुक सँ मध्यम बरखा भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार शेखपुरा मे सभ सँ बेसी बिरानवे दशमलव छओ मिलीमीटर बरखा भेल अछि। ओतहि, पटनाक फतुहा मे बिरानवे दशमलव चारि, खुसरूपुर मे चौसठि दशमलव चारि आओर बिहटा मे तिरपन दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम विभाग बीस जुलाई कऽ राज्यक सीवान, सारण, गोपालगंज, भागलपुर, जमुई, आओर खगड़िया मे ठनकाक संग बरखाक ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। एहि बीच तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा सेहो चलि सकैत अछि।

---

समाप्त भेल।